Vaksen

HealthySteps®
PEDIATRIC CARE • SUPPORTING • PARENTING
A Program of ZERO TO THREE

OU GEN KESYON. NOU GEN REPONS.

Li bon pou konprann swen medikal pitit ou a! Moun k ap bay swen yo gen kesyon konsènan vaksen yo. Men kèk nan kesyon nou plis tande yo. Repons nou yo baze sou lasyans epi moun k ap bay swen yo apwouve yo.

Poze pwofesyonèl swen prensipal pitit ou a kesyon w genyen yo tou! Yo se bonjan sous enfòmasyon. Lè moun k ap bay swen yo kolabore avèk pwofesyonèl swen sante yo, yo jwenn enfòmasyon yo bezwen yo.

KISA YON VAKSEN YE?

Vaksen yo aprann kò w rekonèt yon viris oswa yon maladi touswit epi pou li konbat li. Yo ede timoun ak adilt rete an sante.

Yo jeneralman administre vaksen yo sou fòm piki. Men ou kapab resevwa yo sou fòm likid pou bwè tou. Oswa ou kapab flite yo nan nen w.

ÈSKE VAKSEN YO SAN DANJE?

Wi, epi men poukisa:

Yo pase plizyè ane ap fè rechèch sou vaksen yo nan laboratwa. Apresa, yo teste vaksen yo avèk yon pakèt volontè. Tès yo ede syantifik yo detèmine ki kantite ou bezwen. Ak chak konbyen fwa w dwe pran vaksen. Done yo kolekte apati tès sa yo se syantifik ki verifye yo. Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) nan peyi Etazini an dwe apwouve yon vaksen avan yo kapab itilize li. Sa souvan pran anviwon 10-15 lane pou yo rive apwouve yon vaksen! Menm apre yo fin apwouve yon vaksen, gouvènman ameriken an kontinye asire li ke li san danje.

© 2026 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.

ÈSKE LI PI BON POU TIMOUN YO VIN PRAN YON MALADI EPI POU YO DEVLOPE PWOTEKSYON NAN FASON SA A?

Timoun yo kapab devlope pwoteksyon tanporè apre yo fin gen yon enfeksyon oswa yon viris. Men sa kapab danjere. Timoun yo kapab tonbe malad grav oswa menm mouri akoz maladi a. Sa kapab rive menm avèk maladi ki komen yo tankou grip. Pa gen moun ki konnen ki timoun ki pral gen yon ka lejè epi ki timoun ki pral tonbe malad grav. Lè timoun yo devlope iminite gras ak yon vaksen, sa pwoteje yo pou yo pa mouri oswa sa anpeche yo gen lòt konplikasyon grav.

POUKISA GEN MOUN KI TONBE MALAD PAFWA, MENM SI YO TE PRAN VAKSEN? TANKOU AK GRIP OSWA COVID?

Viris tankou grip la toujou ap evolye. Chak ane, syantifik yo eseye adapte vaksen an ak viris la. Pafwa, vaksen an pa adapte egzakteman ak viris la. Men lè w pran vaksen an, sa kenbe maladi a nan yon nivo ki lejè, menm si w rive pran maladi a.

ÈSKE TIBEBE YO FÈT AVÈK IMINITE NATIRÈL?

Tibebe yo fèt avèk iminite yo eritye nan manman yo men yo dwe devlope pwòp iminite pa yo. Lè yo pran vaksen depi okòmansman, sa pèmèt nou asire ke yo ret san danje pandan sistèm iminitè yo ap vin pi djanm.

POUKISA TIMOUN PITI PRAN TOUT VAKSEN SA YO?

Avan vaksen te disponib, plizyè tibebe te mouri akoz enfeksyon avan yo rive nan premye anivèsè nesans yo. Se poutèt sa yo administre pifò vaksen pandan premye ane a. Vaksen yo pwoteje timoun ki trè jèn yo kont maladi ki pi komen e pi danjere yo.

ÈSKE DOMAJ AKOZ VAKSEN PREZANTE YON ENKYETID?

Gen kèk timoun ki prezante efè segondè lejè apre yo fin pran vaksen. Sa yo kapab se yon fyèv ba, konpòtman akaryat, oswa doulè nan pati kote yo te pran piki a. Sentòm sa yo disparèt byen rapid. Risk pou gen yon domaj reyèl ki lye ak vaksen an trè ba. Gen plis risk lontan pou yon timoun tonbe malad byen grav akoz maladi a menm.

© 2026 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.

ÈSKE VAKSEN YO LAKÒZ OTIS?

Non. Vaksen yo pa lakòz otis. Gen yon pakèt etid yo fèt sou sa toupatou nan mond lan. Yo fè rechèch sou plizyè milyon tibebe. **Pa gen okenn lyen ki egziste ant vaksen yo ak otis.**

Nan lane 1998, gen yon doktè ki te ekri yon atik ki di ke vaksen kont MMR (lawoujòl, malmouton, ribeyòl) la lakòz otis. Yo te pwouve afimasyon sa a fo. Se te syans san konsyans.

Poutan verite a sèke sa ki lakòz otis la se chanjman nan devlopman sèvo a. Chanjman sa yo fèt byen bonè, byen avan timoun yo pran vaksen kont MMR la.

GEN PLIZYÈ VAKSEN KI LA POU MALADI KI PA EGZISTE ANKÒ. POUKISA NOU BEZWEN YO TOUJOU?

Panse ak yon mi an brik. Chak grenn brik ki nan mi an pèmèt li ret kanpe. Men—si w retire yon kantite brik sifizan, mi an ap tonbe. Se konsa iminite a fonksyone. Lè timoun yo pran vaksen, y ap ajoute brik pou konstwi yon mi solid. Lè tout yon kominote konstwi yon mi ki solid, tout moun pwoteje kont maladi.

Men lè gen brik ki sot tonbe nan mi a, gen yon fay nan pwoteksyon kominote yo. Maladi a pral twouve "vid" sa a nan mi an. Epi maladi a ka retounen. Lakin nan iminite sa a se sa ki te rive avèk lawoujòl nan kèk zòn. Lawoujòl la retounen, malgre li te gen plizyè ane depi li te disparèt.

Lè timoun yo pran vaksen pou maladi yo, sa pwoteje yo tout kont maladi.

ESKANE POU PLIS ENFÒMASYON

Otè a se: Rebecca Parlakian, MA, Ed.
Moun ki fè adaptasyon sa a pou paran yo se: Laura Krug, LCSW
Egzaminatè Klinik: Blair Hammond, MD ak Mary Boyle, MD Mt Sinai

© 2026 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.